



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 24 janvyè 2012

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSÈY SEKOU OTORITE A PRAL RANKONTRE MÈKREDI

Konsèy la Pral Fè Odyans Piblik Nan Eta a pou Tande Remak Piblik la sou Pwopozisyon pou Diminye Depans yo nan Gouvènman Lokal yo epitou pou Pwoteje Lajan Kontribiyab yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Konsèy Sekou Otorite pral reyini mèkredi 25 janvyè nan Kapitòl Eta a nan Albany. Gouvènè a ak Lejislati a te kreye Konsèy la pou rezoud pwoblèm ogmantasyon depans yo ki lakòz gwo tarif fiskal pou kay yo nan Eta New York. Reyinyon mèkredi a se pral premye reyinyon piblik Konsèy la, ki pral fè odyans piblik toupatou nan eta a tou.

Gouvènè Cuomo di konsa, “pandan twòp ane, gouvènman lokal yo ak distri lekòl yo te gen gwo fado avèk gwo depans, sa ki ogmante taks kay yo ak diminye fason yo bay sèvis enpòtan yo. Bidjè mwen deja gen ladan anpil milya dola sekou pou ede diminye depans yo pou kontribiyab yo, epitou konsèy sa a ap kontinye eksplwate efò sa a pou asire plis ekonomi lajan pou Nouyòkè yo.”

Konsèy Sekou Otorite a se yon onzyèm manm konsèy egzekitif ak lejislatif ki gen responsablite pou evalye ak fè pwopozisyon pou diminye fado ofisyèl ak obligatwa sou gouvènman lokal yo ak sou distri lekòl yo. Gouvènè Cuomo te siyen lwa ki kreye Konsèy Sekou Otorite nan yon pake sekou otorite ki pral ekonomize plis pase \$125 milyon dola pou gouvènman lokal yo ak distri lekòl yo.

Reyinyon Konsèy la pral òganize mèkredi 25 janvyè a ap fèt a 10:00AM nan Salon Ble (Sal 250 nan Kapitòl la).

Eta a depannde gouvènman lokal ak distri lekòl li yo pou bay sèvis enpòtan yo pou sitwayen yo, epi souvan li rekòmande fason yo ta dwe ofri sèvis sa yo. Egzijans sa yo fè pati lwa ak règleman Eta a – pou diminye fleksibilite a ak ogmante depans yo. Yo te kreye Konsèy la pou jwenn, evalye ak fè refòm nan otorite sa yo.

Men moun ki manm Konsèy la:

Haitian Creole

- Lawrence Schwartz, Prezidan, Sekretè pou Gouvènè a
- Mylan Denerstein, Konseye pou Gouvènè a
- Robert Megna, Direktè Divizyon Bidjè a
- Cesar Perales, Sekretè Eta
- David Wakelyn, Sekretè Adjwen pou Edikasyon
- James Introne, Sekretè Adjwen pou Sante
- Kristin Proud, Sekretè Adjwen pou Sèvis Sosyal, Operasyon, ak Teknoloji
- Senatè Elizabeth Little (se Prezidan Pwovizwa Sena a ki lonmen li)
- Senatè Jack Martins (se Prezidan Pwovizwa Sena a ki lonmen li)
- Manm Asanble Carl Heastie (se Pòtpawòl Asanble a ki lonmen li)
- Manm Asanble William Magnarelli (se Pòtpawòl Asanble a ki lonmen li)

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418